

Misyon SchoolFood

SchoolFood pran angajman pou l ankouraje elèv yo chwazi manje ki sen e ki kenbe nivo nitrisyon manje yo wo ka elèv nou yo, pandan l ap ofri manje ki bon, sen nan yon meni ki bay divès chwa.


- **Nòm pou nitrisyon**—Nòm nou yo toujou satisfè e plizyè fwa menm depase règleman USDA. Nou diminye sodyòm, grès ak kolestewòl nan engredyan ki nan meni nou an, epi n ap elimine siwo mayi ki gen anpil friktoz. SchoolFood entèdi moun itilize trans fats, gou atifisyèl, koulè atifisyèl, sweeteners, lwil palm, BHA, BHT, ak MSG. N ap ogmante tou kantite gram fib dijesyon nan manje n ap ofri yo.

- **Sekirite**— Anplwaye SchoolFood yo resevwa fòmasyon nan domèn Hazard Analysis Critical Control Points (HACCP); metòd ijyèn ki pi anvigè kounye a pou moun pa manje bagay ki kontamine.

- **Sèvis Kliyantèl**—Orè lekòl la fèt kòtakòt avèk sèvis tidejene ak repa midi alè san mank.

- **Kominikasyon lib**— SchoolFood ap tann kesyon w ak sijesyon; nou garanti ekip pwofesyonèl nou yo ap satisfè bezwen w.

- **Patnarya SchoolFood**— Manadjè SchoolFood, Direktè lekòl, Koòdonatè paran, lòt anplwaye lekòl la, paran, ak elèv, tout kolabore pou ranfòse eksperyans manje a.



Restoran SchoolFood



Chèf kizinye an tèt nan SchoolFood travay kole avèk konpayi yo pou devlope pwodui ki satisfè nòm sisperyè nitrisyon ak kizin SchoolFood. Gen yon pakèt kantite pwodui manje ki pèmèt nou prepare meni ki adapte ak chak nivo klas nan lekòl pou tout vil la.

Gwoup Chèf kizinye SchoolFood la bay anplwaye nan kizin lekòl la trening ak konpetans pwofesyonèl. Pou kore objektif SchoolFood genyen pou ankouraje abitud manje bagay ki sen pami elèv Nouyòk yo, nou ogmante fason pou itilize pwosedi apwopriye pou kwit manje.

Pwogram maketing ke yo adapte dapre demann kliyan transfòmè kafeterya SchoolFood yo pou tounen Restoran SchoolFood. Aktivite pou prezante tidejene ak repa midi gen diferan tèm chak mwa dapre laj elèv, epi vize kreyasyon bon meni dapre preferans ak divèsite kiltirèl elèv yo, e dapre sa ki alamòd pou moman an. Pwogram yo enteresan, epi yo ofri elèv yo bon manje, bon sèvis ak manje yo gen plezi pou manje.

Ede Pitit ou Reyisi

DI WI POU POU MANJE KAFETERYA LEKÒL KI SEN EPI KI GEN BON GOU

Aplikasyon pou manje kafeterya lekòl

Anpil elèv kalifye pou jwenn manje gratis oubyen pou yon pri pi ba. Yon aplikasyon manje kafeterya lekòl elèv ranpli pèmèt elèv ki kalifye manje repa midi gratis oubyen pou 25¢. Elèv ki pa kalifye dapre kantite kòb paran yo fè oubyen ki pa retounen aplikasyon an ap peye 1.50 \$ pou repa midi. Ekonomize kòb pou ou ak pou fanmi w se toujou yon ide entèlijan. Pa bliye pou ranpli yon aplikasyon.

Tidejene

Timoun ki manje yon tidejene sen swiv pi byen nan lekòl, amelyore kapasite yo pou aprann pandan tout jounen lekòl la. Yo gen tou pi bon rezilta nan tès leta yo, epi sa diminye nan reta ak nan absans yo. Pou ankouraje elèv pran avantaj sa yo, tidejene gratis nan tout elèv vil Nouyòk.

Manje pandan ete : tidejene ak repa midi gratis

Sèvis tidejene ak repa midi kontinye apre lekòl fin fèmen. Gen tidejene ak repa midi ki disponib gratis pou tout timoun vil Nouyòk ki gen 18 lane oubyen ki pi piti pandan tout ete a. Pwogram manje pandan ete disponib nan plizyè santèn lekòl leta, sant pisin kominotè, pak nan vil la, bilding pwojè ak lòt lokal toutotou vil la. Ou pa bezwen enskri, ou pa bezwen pote dokiman, ou pa bezwen ID. Anfèt, timoun pa menm bezwen elèv lekòl leta pou apresye bon tidejene oubyen bon repa midi gratis.

SchoolFood sèvi Bon Repa ki Nourisan Chak Jou

Tout tidejene ak repa midi :

- Gen kantite kalori ke règleman Depatman Agrikilti Etazini rekòmande;
- Gen menm valè oubyen plis kantite pwotin, fè, kalsyòm, avèk vitmin A ak C yo rekòmande pou dyèt timoun (Recommended Dietary Allowances)
- Limite valè grès pou l mwenske 30% kantite total kalori e pou saturated fat piti pase 10% kantite total kalori pou l adapte l ak règleman ki gen pou wè ak Gid sou kijan pou Ameriken manje Dietary Guidelines for Americans pou kantite sodyòm ak kolestewòl.

Pandan kat ane ki sot pase yo **SchoolFood** fè anpil chanjman nan pwogram tidejene, repa midi ak tigoute pou ofri manje ki bon pou lasante, antwòt :

- Ankouraje pou moun bwè plis lèt ki pa gen anpil grès, Nou pa sèvi lètantye ankò eksepte pou pwogram elèv ki gen bezwen espesyal;
- Sèvi pen ki fèt sèlman ak grenn antye (whole grain);
- Ofri fri fre ak vejetab plis jou nan semèn lan;
- Ajoute nan meni elèv lekòl segondè pou tout vil la salad bars ;
- Elimine trans fats; epi
- Kolabore avèk yon pakèt ajans pou amelyore abitud moun pran pou nourri yo, lasante, ak siksè akademik timoun nan vil Nouyòk pandan n ap amelyore ekonomi agrikilti Leta Nouyòk la grasa pwovizyon pwodwi rejyonal ak lokal n ap fè. Patnarya **SchoolFood Plus** avèk Depatman Agrikilti Leta Nouyòk sa a pèmèt nou travay avèk fèmme lokal yo pou nou ogmante konesans ak konsomasyon fri, legim ak pwodui lèt ki fèt nan fèm lokal yo.

Elèv yo se kliyan nou yo ye, epi nou la pou n sèvi yo chak jou.



Nan efò n ap fè pou konbat ogmantasyon obezite ka timoun ansanm ak tout lòt maladi konplike ki mache avèk li tankou dyabèt, koòdonatè nitrisyon nou an devlope epi ranfòse règleman ak nòm pou nitrisyon. Lè **SchoolFood** tabli relasyon epi koòdone efò li yo avèk asosyasyon sante yo, gwoup kominote lokal yo, ak ajans gouvènman yo, sa pèmèt li kore Règleman sante Depatman Edikasyon (DOE).

Règleman sante DOE ap chèche ankouraje sante ak byennèt elèv vil Nouyòk. Pou gade règleman yo oubyen pou enprime yon kopi, tanpri ale nan :

<http://schools.nyc.gov/Offices/Health/GenProgServ/Wellness.htm>

SchoolFood ap tann kesyon w yo...

[Enfòmasyon pou kontakte Diretè Rejyonal Kafeterya Manje Lekòl](#)

Manhattan: (917) 339-1744 sobrien@schools.nyc.gov

Bronx: (718) 741-8815 lmizrahi@schools.nyc.gov

Brooklyn I: (718) 935-3411 mfigueroa@schools.nyc.gov

(Kominote distri lekòl 13, 14, 16, 19, 23, ak 32)

Brooklyn II/Staten Island: (718) 714-0386 vtammaro@schools.nyc.gov

(Community School Districts 15, 17, 18, 20, 21, 22, ak 31)

Queens: 718 391- 6883 tcashin@schools.nyc.gov

Ale nan www.opt-osfns.org/osfns pou jwenn gid pou meni ki nourisan, tigoute ki bon pou sante avèk lòt enfòmasyon.



Office of SchoolFood
Eric Goldstein, Chief Executive Officer
egoldstein@schools.nyc.gov
44-36 Vernon Boulevard
Long Island City, NY 11101
Phone: 718 707-4300

T&I-8798 (Haitian Creole)

ENFÒMASYON POU PARAN



NYC Department of
Education